

# Нур

6+

ISSN 0207-6551

3
2019

# Мартым и 8-р цӀыхубзхэм я Махуэшхуэщ!

Анэ уиӀэм дунейр уиӀэщ

Анэ ӀэплӀэм гъащӀэр исщ



Анэ Ӏэгум тхъэгъуэр изщ

Анэ жьэгум фӀыгъуэр дэзщ

## «Си мамэ дахэ хуэдэ зэи сыхуэмыза»

### (сабийм зэрыжаӀэ дыдэу теддзащ)

«Сэ мамэ и гупэм сыхэлъси абы и Ӏэм си щхьэр темылъу си жеин къакӀуэӀым. СщӀэӀым… ин сыхъумэ сыжеифыну пӀэрэ?»

*Мадинэ,*
илъэсиплӀ

«Ди мамэ унэм щӀэсу сыкъэкӀуэжмэ, уэле, занщӀу лӀы сохъум! «Си ПӀытӀэ къэсыжас», – жиӀэнурэ ӀэплӀэшхуэ къысхуищӀынус, мазэкӀэ сыкъимылъэгъуа хуэдэ. Сэри сызэрыгуфӀэр согъэпщкӀу»…

*Алий,*
5-нэ класс

«Уэле, сэ-тӀэ ди егъэджакӀуэхэм фӀыуэ сыкъамылъагъу.Си дневникыр пэстэян(н)у шакъэ плъыжькӀэ зэхацӀэлыхь. Мамэ ар иӀыгъыу къыщызэплъым дей ,уэле, щӀым сыщӀэпщхьэну сохъумэ.СщӀэӀым итӀанэми сыщӀэзэраныр… Сщогъупщэж…
Къысхуэгъэгъу, мамэ!»

*Инал,*
6-нэ класс

«Хьэфэ топым хуэдэу хъурей ди Аминэ махуэ къэс «5» Ӏэджэ къелъэфри мамэ абы ӀэплӀэ хуещӀ. Сэ сыхуэзэгуоп. Моуэ зэ фӀыуэ а и нэкӀутӀэм сепӀэскӀуарэт, – жызоӀэ…»

*Аскер,*
7-нэ класс

«Сэ ди дейхэм хьэщӀапӀэ сашэну яфӀэфӀыхэӀым я напэр тесхыу жари. Мамэ хуэду ӀэфӀу абы я фызхэр мыпщафӀэмэ, хэт-тӀэ зи лажьэр? Сэрауэ пӀэрэ?»

*Ӏэзидэ,*
6-нэ класс

«Сэ хъыджэбз цӀыкӀу Ӏэджэ сигу ирохь вэпше, ауэ, уеи, си мамэ дахэ хуэдэ зэи сыхуэмыза. Уеи, занщӀу къэсшэнутэмэ».

*Тимур,*
5-нэ класс

«Мартым и йр къызэрысу си ныбжьэгъухэм я адэхэм ахъшэ хъушэ къыӀырахри зы мышу гуэрэхэр я анэхэм къыхуащэху. Уэле,сэ езым зэхуэсхьэсыжа ахъшэкӀэ фӀэкӀа къэзмыщэху-тӀэ мамэ фӀэфӀ удз гъэгъар.Абы и гъусэу, си ӀэкӀэ сщӀа гуэр изотри, уоу-у, ар абы сытым хуэду игъэлъагъуэу кърихьэкӀрэ! Илъэс псокӀэ хурокъу».

*Джэбрэӏил,*
8-нэ класс

# Анэм и псэр

Сабийхэр зэдауэу анэм и деж зэрохь.

– Мамэ, дэищым уэ сэрас нэхъыфIу плъагъур, пэжIэ? Сэ сынэхъыжьс!

– AIэ, сэрас, зысIаIэ! Сэ нэхъыбэрэ мамэ и IэпIохуэм сисс,– нэхъыщIэр къосри нэхъыжьым йоIунщI.

– Фэ фызодауэ,тIури фозэранри мамэ къывогъэгубжь. Сэрас абы дэIэпыкъури, ар зыщытхъури. Уот, – хъыджэбз цIыкIур къэсри анэм IэплIэ хуищIащ.

Анэм и нэкIур дыгъэу къепсу щыми ящыгуфIыкIщ, игъэтIысри, мыр жиIащ:

– Махуэ къэс фызэмыдэуэн щхьэкIэ сэ зыгуэр фэзгъэлъагъуну мурад сщIащи къызжефIэт, гум и плъыфэр сыт хуэдэ? ЩIыху, удзыфэ,плъыжь?

– Плъыжьс.

– Ар хуабэ, пщтыр, щIыIэ?

– Хуабэс.

– Пщтырс!

– Зэщхьыр уэс,дыгъэ,хьэмэ уэшх ткIуэпс?

– Дыгъэрас. Дыгъэс!

– НтIэ фыкъаплъэ,– шэху уэздыгъэ гъумыщIэ къещтэри пегъанэ. Мис мыр фи мамэ и лъагъуныгъэращ, тIасэ. Мыр дыгъэм хуэдэу маблэ. Хуабэщ, инщ.

Мис мыр Астемыр цIыкIущ.– Зы шэху уэздыгъэ псыгъуэ цIыкIу къещтэ, иным ирехьэлIэри пегъанэ.– Сэ си лъагъуныгъэм щыщ абы естащ. Пэжкъэ?

– Пэжс. Ептас.

– Мыр Аданэ ейращ, – иджыри зы пегъанэ.

– Мыри Къантемыр и уэздыгъэщ.Феплъыт.Зэщхь щыри?

– Зэщхьс.

– Зэхуэдэу блэрэ?

– Зэхуэдэкъэпсс.

– Мамэ и мафIэр нэхъ цIыкIу хъуа?

– Хьэуэ. ХъуаIым.

– Аращ-тIэ, цIыкIухэ, къэфщIэну сызыхуейр. Анэм и лъагъуныгъэр бын псоми я зэхуэдэщ. Абы и гур къеуэху а лъагъуныгъэр нэхъ мащIи нэхъ цIыкIуи хъунукъым.

Сабиищыр гуфIэу зэплъыжащ.

*Зыгъэхьэзырар*
***ХЪУЭКIУЭН** Фатимэтщ*



# Тхыпхъэхэр мэпсалъэ

ЦIыкIухэ, фэ зэгуэр фыщыIа тхыпхъэхэм я дуней телъыджэм? Зы щэхукIэ сывдэгуэшэнщ: тхыпхъэхэр щыгъын, унэлъащIэ, хьэпшып зэрагъэдахэ дамыгъэ къудейкъым, атIэ абы щIагъыбзэ гъэщIэгъуэн ящIэлъщ. Нобэ сэ а дамыгъэхэм «я бзэ щэхур» фэзгъэщIэнущ. Мыр куэдым зыхамыщIыкI хъыбарщи, фи унагъуэм щIэсхэми фадэгуашэ.

Къэзыухъуреихь дунейм, щIыуэпсым сыт щыгъуи кIэлъыплът адыгэхэр, абы къыхэкIыу япэу къагъэсэбэпу щIадза тхыпхъэхэм тхьэмпищ, мэл бжьакъуэ теплъэхэр яIэт. Ноби ахэм куэду уащрохьэлIэ дэрбзэрхэм я IэрыкIхэм. Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я тхыпхъэхэм адыгэхэм яйр къащхьэщыкIырт я щIыкIэкIи, ящIэлъ гупсысэкIи. Фи нэгу къыщIэвгъэхьэжыт тхыпхъэкIэ екIуу гъэщIэрэщIа адыгэ фащэр. Дахэщ, пэжкъэ?

ЩIэныгъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, тхыпхъэ нэхъ инхэр гуащэщ зытращIыкIар. Мажусий диным адыгэхэр щита лъэхъэнэм тхьэ куэд я фIэщ хъуауэ яIэт (Псатхьэ, Уащхъуэ, Ахын, Хы, Жьэгупатхьэ, Лъэпщ, Мэзытхьэ, *нэгъуэщIхэри*). ЦIыху теплъэ иIэу зэрахьэ гуащэ цIыкIухэм елъэIут.

Муслъымэн диныр къащта иужькIэ ар IэщIыб ящIын хуей хъуащ. Диным гуащэр къемызэгъыу щыжиIэм, абы и теплъэр тхыпхъэу щыгъынхэм тращIыхьын, унэлъащIэхэр ирагъэдэхэн щIадзащ. Тхьэ гуащэхэр пхъэм къыхэщIыкIауэ унащхьэхэм кIэрылъу зезыхьи щыIэт. Зэвгъапщэт мы напэкIуэцIым къыщыхьа сурэтхэмрэ тхыпхъэхэмрэ. ЦIыху Iэпкълъэпкъым и жыпхъэм теткъэ?

Ауэрэ бзэ щхьэхуэ зиIэж тхыпхъэм и дуней къэунэхуащ.

Гуащэхэм я къалэныр абдеж щиухыркъым, «Гуащэ» псалъэм мыхьэнэ зыб-










жанэ иlэ хъуащ (1-Тхьэ, 2-пщы гуащэ, 3-щхьэгъусэм и анэ, 4-унагъуэм и гуащэ, 5-сабийхэр зэрыджэгу хьэпшып). Сыт-тlэ а плlыми зэдайуэ яхэлъыр? Япэу къежьар Тхьэ гуащэращ, иужькlэ абы и фэеплъу елъэlуу зэрахьэ гуащэхэм а цlэр къащтащ. А щхьэусыгъуэращ сабий хьэпшыпхэм гуащэ щlыфlащыжари. И щlыхькlэ, и пщlэкlэ Тхьэм палъытэ щхьэгъусэм и анэми гуащэкlэ еджэ щlэхъуар аращ. Унагъуэ жьэгур зыгъаблэ цlыхубзми а цlэ лъапlэр фlащащ.



Мыри фщlэну сыхуейщ: адыгэхэм унэлъащlэр щагъэдахэкlи, фащэ щадкlи къуэлэнпщlэлэн яфlэфlкъым. Щыгъыныр щыхадыкlкlэ тхыпхъэхэр зэхэзагъэрэ зэкlужу къыхах, ауэ ирагъэлейкъым. Дамыгъэ куэдыкlейр гурыхьу къалъытэркъым.



***

*Мы тхыгъэр щыдгъэхьэзырым Накуэ Феликс и «Тхыпхъэ» тхылъырщ тегъэщlапlэ тщlар.*

***ЩОМАХУЭ Залинэ***




**Налшык къалэ дэт сабий сад № 40-м и гъэсэнхэм анэм я Махуэшхуэр усэкIэ ягъэлъапIэ. Сабий садыр мы гъэм къэзыуххэр адыгэбзэм хуезыгъаджэр *КЪАРЭЖЬ Тамарэщ***

*Къачлай Эмилия*



Удз гъэгъа къызоч сыгушхуэу,
Губгъуэм сыкъэкIуауэ,–
ЦIыхубз псоми я махуэшхуэм
ЗгъэгуфIэнущ мамэ.

Мамэ дыщэ ар естынущ,
Хъуэхъу дэщIыгъужауэ.
Тыгъэм ар щыгуфIыкIынущ,
Сабийм ещхь хъужауэ.

*Мэтай Андемыркъан*



*Къамбий Ариаииэ*



Уэрщ си мамэ – псэм и дамэр,
Дамэу стетри уэращ,
Си уэрэдым и макъамэм
Псэуэ хэтри уэращ.
Iейуэ щыIэкъым зы мами,
Псом нэхъ дахэри уэращ,
Сахэдэжмэ мамэ псоми,
Къахэсхынури уэращ.

Ажэгъуэмэр щIым къыхопщыр,
Дыгъэ нурым зрегъэу.
Гъатхэ дахи и нэр къопщIыр,
ЩIэжьей цIыкIухэр къызэщоу.
Нобэ, нобэ мами нани
Хъуащ нэхъ дахэ, нэхъ дахэж!
СагъэгуфIэ къысIуплъамэ,
СагъэгуфIэ, догуфIэж!

*Лыкъу Марие*



Нобэ, нобэ мамэу щыIэм
IэпIохуэшхуэ яхуэтщIынщ.
Узыншагъэ ин яIэнуи
Дэ абыхэм дехъуэхъунщ!

*Тхьэгъэпсо Ася*



Удз гъэгъа сэ къэсщыпа,
Къэсщыпа.
Ар ди мамэ естыпа,
Естыпа.
И махуэшхуэм сехъуэхъуа,
Сехъуэхъуа.
Гуапэ дыди къыщыхъуа,
Къыщыхъуа!

*Тэрчокъуэ Беллэ*



Сэ анэшым сыщыIа,
СыщыIа.
Анэш нанэ згъэгуфIа,
ЗгъэгуфIа.
Сэ гуфIапщIэ къызита,
Къызита.
Къупщхьэ гуащэ къызита,
Къызита!

*Брай Элинэ*



КъысфIащами сэ Мадинэ,
Нанэ сри-Динэщ.
Езы нанэ-си нэщ,
Срищхьэ баринэщ.

Нанэ срищыгъэщ,
Сэ езыр си дыгъэщ.
Зэзэмызэ сыгъми,
КъысфIимыщ «гъыринэ».

Нанэ сриIэфIмэ,
Сэ езыр – си фощ.
Нанэ дыщэ сэрэ
ФIыщэу дыздопсэу.

Зыгъэхьэзырар
***КIУРАШЫН Фатимэщ***

# Акъылым уасэ иIэкъым, гъэсэныгъэм гъунэ иIэкъым



Къущхьэ Саминэ

*Налшык дэт курыт еджапIэ нэхъыфIхэм хабжэ 4-нэ Гимназиер. Илъэс бжыгъэ хъуауэ абы щеджэ ныбжьыщIэхэм Iэ традзэ «Нур» журналым, кIуэ пэтми щIэупщIэр нэхъыбэ хъуауэ. Ар щыхьэт тохъуэ мы еджапIэм и лэжьакIуэхэм анэдэлъхубзэм гулъытэ зэрыхуащIым. Дащыхуеблагъэм, ехъулIэныгъэ зиIэ еджакIуэхэм я гугъу къытхуащIащ, я нэхъыщIэ цIыкIухэм ящIа сурэтхэри къыдатащ(мы къыдэкIыгъуэм и щIыбагъым тетщ абы ящыщ зыбжанэ).*

***ЕхъулIэныгъэ зиIэ еджакIуэхэм ящыщщ:***

***Къущхьэ Саминэ*** (4-нэ класс) « тху» защIэкIэ йоджэ. Ар япэ классым зэрыщIэтIысхьэрэ еджапIэм щекIуэкI зэхьэзэхуэхэм ехъулIэныгъэ иIэу хэтщ. Саминэ Адыгэбзэм и махуэшхуэм ирихьэлIэу усэ къеджэнымкIэ ирагъэкIуэкIа зэпеуэм Япэ увыпIэ къыщихьащ. К. Кулиевым и цIэкIэ къызэрагъэпэща литературнэ зэхьэзэхуэм – Гран-при, «Дунейр зызогъащIэ» республикэ щIэныгъэ конференцым – Япэ увыпIэ, «Анэм и махуэ» зыфIаща сурэт зэхьэзэхуэм – Япэ увыпIэ! – ехъулIэныгъэ куэд иIэщ.

***ПщыукI Элинэ*** (3-нэ кл.) «тху» защIэкIэ зэреджэм къыдэкIуэу, зэхьэзэхуэ куэдым увыпIэ пэрытхэр къыщихьащ. Нало Заур и цIэкIэ еджапIэм щрагъэкIуэкIа тхылъаджэ зэпеуэм – Япэ увыпIэ, ЛIыхъужьхэм ятеухуа зэхьэзэхуэм – ЕтIуанэ, я еджапIэм щекIуэкIа «Къэхутэныгъэ лэжьыгъэ» конференцым ЕтIуанэ увыпIэ къыщихьащ!



Быж Алинэ

***Быж Алинэ*** (4-нэ кл.) зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэм зыкъыщегъэлъагъуэ, куэдым зэрыдихьэхыр наIуэу. Пщацэм Япэ увыпIэ къыщихьащ « Астрономический бой» щIэныгъэ зэпеуэм. 2017 гъэм Урысей псом математикэмкIэ, урысыбзэмкIэ щекIуэкIа онлайн-олимпиадэхэм Щытхъу тхылъхэр къыхуагъэфэщащ. Нэгъабэ Алинэ я еджапIэ библиотекэм и еджакIуэ нэхъыфI дыдэу къалъытащ.

***Мату Алинэ*** (3-нэ кл.) еджакIуэ нэхъыфIхэм хабжэ. Абы сурэт щIынми, усэ къеджэнми ехъулIэныгъэ щиIэщ, зэпеуэ куэдым и дипломантщ. 2016 гъэм я еджапIэм щекIуэкIа «Тхылъыр ди Iэпэгъуу» сурэт зэхьэзэхуэм – Япэ увыпIэ, «Илъэсыщlэ лъэщапIэ» зэпеуэм – Япэ увыпIэ къыщихьащ. Усэ къеджэнымкIэ лIыхъужьхэм папщIэ къызэрагъэпэща зэхьэзэхуэм Ещанэ увыпIэ къыхуагъэфэщащ.



ПщыукI Элинэ

***«Дунейр зызогъащIэ» республикэ щIэныгъэ конференцым къыхэжаныкIахэр:***

«Сыдэзыхьэххэм я дуней» – ***Вэрокъуэ Аслъэн*** – Япэ увыпIэ, ***Балъкъэр Амалие*** – ЕтIуанэ увыпIэ къыщахьащ;

«Дыкъэзыухъуреихь дуней» – ***Къущхьэ Саминэрэ Уэзрокъуэ Русалинэрэ*** Япэ увыпIэр зэдагуэшащ.

«Математикэ» – ***Хъромхэ Ларинэрэ Дамиррэ*** Япэ увыпIэр зэдагуэшащ.

«Лингвистикэ» – ***Шэшэн Нарсанэ*** ЕтIуанэ увыпIэ къихьащ.

***Битокъу Къантемыррэ ШыкIэ Уэзырмэсрэ*** технологиехэмкIэ урысейпсо зэхьэзэхуэм( PROFEST) ЕтIуанэ увыпIэр щызэдагуэшащ. Уэзырмэс роботыщI техникэмкIи Кавказ Ищхъэрэ зэпеуэм Ещанэ увыпIэ къыщихьащ. Мы еджапIэм и еджакIуэ псоми ехъулIэныгъэ куэд яIэну дохъуэхъу.



Мату Алинэ

***КIУРАШЫН Фатимэ***

## *Адыгэбзэ езыгъаджэхэм папщIэ*

Псоми зэрытщIэщи, адыгэбзэм урипсэлъэну, уритхэну гугъу зыщIыр алфавитым хэт хьэрф зэгуэтхэрщ. Абы я къэхъукIэр нэхъ тыншу сабийм зэребгъэщIэн таблицэ тыдодзэ.

Хьэрф закъуэ 12-м хьэрф зэгуэту 25 къатохъукI. Закъуэхэм ящыщу нэхъыбэ къэзыгъэхъур «К»-ращ. Абы хьэрф зэгуэтхэр къызэрытекIыр еджакIуэм ебгъащIэмэ,адрейхэр тынш щыхъунущ. «К-м и пшыналъэщ» усэр таблицэм гъусэ хуэтщIащ (къыкI. нап.).

***Гу зылъытапхъэ.*** *Курыт еджапIэм хьэрф зэгуэтхэм я къэхъукIэр щрагъэджкIэ, къызытехъукIаркъым, атIэ къызэрыхъу щIыкIэрщ нэхъапэ ирагъэщыр (ь, ъ, у, I япыуэурэ, хьэрфитI зэгухьэурэ). Ди еплъыкIэр абы къыщхьэщокI.*

## Хьэрф зэгуэтхэм я таблицэ




Зэхэзылъхьар
***Аброкъуэ Беллэщ,***
чэнджэщэгъуp КБР-м
и щIыхь зиIэ егъэджакIуэ
***Бекъан Масирэтщ***

АБРОКЪУЭ Беллэ

# К-м и пшыналъищ

## Япэ пшыналъэ

Зеклуэжьэ К-м игу къокl,
Урысыбзэм ар къыхокl.
Къуакlи-тафи, мэзи пхокl,
Къурши, псыи ар зэпрокl.

Маклуэ,малъэ, мажэ, йорс,
Адыгэщlым, мисыр, къос.
Ди щlыналъэм дыгъэ щопс,
Бзэ пшыналъэр пшэхухэм нос.

Адыгэбзэу Гуащэ жьаклуэм
Макъхэр ижьу хъарым хэсщ,
Жьэрылуатэклэ бзэрабзэу,
Бзэ хъыринэм хурсэу исщ...

К бзэмылур къос lущащэу,
Хамэ макъ къылурощэщ.
Гуащэр йоплъ абы гумащlэу,
Макъ щыгъэхухэр lэщlощэщ...

Хьэщlэр фlыкъэ, ар ирешэ
И макъ **закъуэхэм** я хэку.
Адыгэбзэ Гуащэм ещlэ:
Щыхишынщ абы К-м гъуэгу.

**Закъуэ** макъхэм я щlыналъэм
Гуэгъу зимылэхэр щопсэу
Ямыгъэлуу я пшыналъэ.
Хущхьэ щатэхэу мэпсэу...
К гуэгъуншэ мыжьгъыруури
А макъ закъуэхэм хашащ.
«К-хэхэсыр узэтпэскъым!»
Хыр къедауэу къахэклащ.

## Етlуанэ пшыналъэ

Макъ **закъуэм** я хэкум
Макъых яхэклащ:
**П** **п**агэр пэрыту,
**Т** лъатэр щхьэщыту,
**Ц** ба**ц**эу лъэбыцэр
**Щ** **щ**имэм бгъурыту.
**Л** **л**антlэм пщэр хишу,
**Ф** **ф**ийм зызэблишу.
Уэгу къащхъуэр я гъуэгуу,
Щlыгу щхъуантlэр я лъэгуу,
**Макъгъэлухэм** я лъахэ
Хамэщlым ихьащ.

Абы яклэлъожьэ
**К** **к**упсэ зыхэлъыр,
«Нэжэс» зыфlащауэ
**К** хамэ «хэхэсыр».

* * *

Зи лlыгъэр зыхуэдэр
Зымыщlэу ежьахэм
Къалуощlэ lэдэбу
**l** гуапэ lэчлъэчыр,
Щахуищlым и lэплlэр
Еплытl а макъихыр.
**П**-р **пl**ащlэу,
**Т**-р **тl**атlэу,
**Л**-р пкъы**лl**эу,
**Щ**-р **щl**эщlэу,
**Ц** **ц**lынэм **Ф** лъакъуэр
**Фl**ыщlэхуу, фlыщlэлlэу...

* * *

**Макъгъэlухэм** я губгъуэм
А хыр къыщынауэ,
К купсэ lэслъэсыр
Къыкъуож, l-м йозауэ.
КъыфlэщlМи а бланэр
Зэуэнкlэ ешауэ,
l хахуэм и lэдэм
К-р йохуэ, къузауэ.

Макъихри пхауэ
Къегъанэ l хахуэ!
К закъуэр пщэхауэ
Яхехыр, Кl хъуауэ…





Кl Къ

## Ещанэ пшыналъэ

К кlэсыр пщэхауэ,
Ар Кl упlэщlауэ
Макъгъэlухэм я лъахэ
Яхьащ, уплlэнщlауэ.

Ку
Къу
Кхъу

Хэхэсыр ироплъэ
l бланэм хиш лъагъуэм,
Гурыщlэр ирожэ
Зэхихым, илъагъум.
Абы къыlуроуэ
Къэрабэхэм я мэ,
Абы къыгуроlуэ:
«Мы хэкур мыхамэ!»
Къыхохьэ къаруи,
К-р мэхъур **къ** хахуэ!
Къ-м куцl ирищlауэ,
Мис! Хъуащ **къу** абрагъуэ.
Мывэжьхэр къыгуечыр
Къу щауэ къуданым,
Кхъуей цlынэу ехузыр,
Щlегъэж lэгу кхъузанэм.
l гуапэр мэгуфlэ, –
lэщlелъхьэ къурагъыр,
И шыпхъу lу lущыцэр
Иретыр къуданым.
К щауэр йогуаклуэ
lу дахэ кlуэраклуэм,
«Кlу»макъ къатохъукlыр
Абы я унагъуэм.

Клу

* * *

Макъгъэlухэм я лъахэ
К-р кхъахэ щыхъуауэ
Щопсэур иджыри,
Макъибл къигъэхъуауэ.

Кхъ

**Джэду хуэдэу щIыкIафIэ псэущхьэм яхэткъым. Абы дапхуэдэу зищIми йокIу. Адыгэ, инджылыз «джэду» алфавитхэм феплъ, хьэрф къэскIэ якIэщIэт бжыгъэхэр къэвгъэсэбэпурэ якIэщIэтха усэхэм фыкъеджэ. Фэ езым усэ зэхэфлъхьэ**




1) 17-1-27-34-2 12-34-28-23-30-23-2-18 9-28-5-29-2-20-34-7-11,

2) 17-34-2-12-34-21-2-24-34 27-1-3-2-18 9-10 13-29-2-21-7-11.

3) 13-29-1-34-21-2-18-28-17-2-21 19-10 17-2-20-34-7-11

4) 19-2 12-29-2-19-27-34-1-12- 29- 2 21-9-28-23-21-7-11-18!

5) 21-14-28-17-34-1-27-34-2, 21-2 19-10 15-1-21,

6) 13-1-13 21-2-19-20-28-15-21-27, 9-2 3-2- 33-21!

# ИНДЖЫЛЫЗ «ДЖЭДУ» АЛФАВИТ




1) 9 12-15-22-5 13-25 3-1-20.

2) 9-20-19 23-1-18-13 1-14-4 6-1-20.

3) 13-25 3-1-20 9-19 7-18-5-25,

4) 9-20 12-9-11-5-19 20-15 16-12-1-25.

# ЦIЫКIУРАШ

**1** **Ребусым щыгъэпщкIуа псалъэр къафщIи зэпэплIимэхэм ифтхэ.**




**2** **ЗэпэплIимэхэм ифтха псалъэм хэт хьэрфхэр къэвгъэсэбэпурэ псалъэщIэ къэвгъэхъу. Ахэр ищIагъымкIэ къыщыхьа таблицэм ифтхэ.**

| ХьэрфитI хъухэр | Хьэрфищ хъухэр | ХьэрфиплI хъухэр | Хьэрфитху хъухэр |
|---|---|---|---|
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |

**3** **БЗЭ псалъэр зи тегъэщIапIэ псалъий зэпэплIимэхэм ифтхэ.**

1. ЦIыхур щыпсалъэкIэ къигъэсэбэп пкъыгъуэ.
2. ШыкIэпшынэм зэреуэ Iэмэпсымэ.
3. ЦIыхухэм къадэгъуэгурыкIуэ дуней тетыкIэ.
4. Iэщэ лIэужьыгъуэ.
5. Iэщ цIыкIум и дамыгъэ.
6. Цы зэраудэ Iэмэпсымэ.
7. Дэн, бзэн зи IэщIагъэ цIыху.
8. Бжэр зэрагъэбыдэ.



| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 б | з | э | | | | |
| 2 б | з | э | | | | |
| 3 | | б | з | э | | |
| 4 | | б | з | э | | |
| 5 | | | б | э | э | |
| 6 б | з | э | | | | |
| 7 | | | б | з | э | |
| 8 | | | | б | з | э |

**4** **Къуажэхьхэм я жэуапхэр сурэтхэм къыщывгъуэт.**





1. Дунейр зыгъэнэхуу бгыкъур зи унапIэ.

2. Зи кур бахъэ, зи щхьэр хъей.

3. Лlыжь цIыкIу шыгъубэшх.





4. Щыщым и щIыб, щауэм и шэнт.

5. Дадийуэ унащхьэм къыщыджэ.



6. Дзэ имыIэу мэдзакъэ, дэп имыIэу укъес.

7. Iунэ закъуэм зэкIэрипхэ, зэпхыжауэ сэ жанитI.





Зыгъэхьэзырар
***БЕКЪАН Масирэтщ***



***Борсэ Алинэ,*** Налшык къ.,
4-нэ Гимназие, 3 кл.



***Ету Арабеллэ,*** Налшык къ.,
5-нэ курыт еджапIэ, 7 кл.



***Инжыжокъуэ Аминэ,***
Налшык къ., 4-нэ Гимназие, 4 кл.



***Сомгъур Шамхъан,*** Налшык къ.,
4-нэ Гимназие, 3 кл.



***Тхьэкъуахъуэ Атмир,***
Налшык къ.,
4-нэ Гимназие, 3 кл.



***Мату Алинэ,*** Налшык къ.,
4-нэ Гимназие, 3 кл.


*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ*
**«НУР»**

Издается
С 1 января 1982 года
№ 3 2019 г.

Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

И. о. главного редактора
***Б. М. АБРОКОВА***

Редатор
***П. ХАТУЕВ***

Редакционный совет:
***Х. КАРМОКОВ***
***Е. ТХАМОКОВА***
***Х. ТИМИЖЕВ***
***П. ХАТУЕВ***

Художественный редактор
***М. ХАЛИЛОВА***

Корректор
***Ф. КУРАШИНОВА***

Набор и вёрстка
***Н. РАСТОРГУЕВОЙ***

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по Кабардино-Балкарской Республике.
Рег. ПИ № ТУ07-00125
от 11.01. 2018 г.

Подписано к печати
05.03. 2019 г.
Выход в свет 28.03.2019 г.

Формат 60x90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC, Comic Sans MS.
Печать офсетная
Усл. печ. л. 2
Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2,7

Тираж 2237 экз.
Заказ № 254
Индекс 73912

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 14,63 руб.; за 6 мес.– 87,78 руб.

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
**nur.kbr1982@yandex.ru**

Адрес издателя: 360017,
г. Нальчик, пр. Ленина, 5.
ГКУ «КБР-Медиа».
Дом печати.

Отпечатано в типографии
ООО «Тетраграф»
360000, КБР, г. Нальчик,
пр. Ленина, 33.

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.